

Ede Kontwole Marengwen ki Simaye Viris Lafyèv Deng, Chikoungounya, ak Zika




B Z z z z.



Lè yon marengwen femèl (*Aedes aegypti* ou *Aedes albopictus*) mòde ou, non sèlman sa kapab grate ak nwi ou, li kapab simaye viris lafyèv deng, chikoungounya, ak Zika tou. Yon moun enfekte ak lafyèv deng, chikoungounya, oswa Zika apre yon marengwen ki enfekte te mòde li.

- Marengwen femèl yo ponn plizyè santèn ze nan bò veso ki plen ak dlo. Ze yo kole sou veso yo tankou lakòl epi yo rete kole la jiskaske yon bagay foubi yo epi yo decole. Lè dlo kouvri ze yo, ti marengwen an soti ladan epi yo fin devlope nan apeprè yon semèn.
- Marengwen ki fin devlope yo viv anndan ak deyò.
- Yo prefere mòde pandan lajounen.
- Kèk grenn marengwen ki enfekte kapab pwodwi gwo epidemi nan yon kominote epi mete fanmi ou arisk pou tonbe malad.



Mete plant yo nan tè, pa mete yo nan dlo.



Vide dlo nan pisin lè ou p ap itilize yo.



Resikle ansyen kawoutchou oswa pa kite yo kote yo ka mouye.



Vide epi jete nenpòt dlo ki chita.



Chak semèn, foubi vaz & bèso ki gen ze marengwen.

Pwoteje Tèt Ou, Fanmi Ou, ak Kominote Ou Kont Marengwen

1.

Jete dlo ki chita anndan kay ou oswa arebò kay yo:

- **Yon fwa pa semèn**, vide epi foubi, vire tèt anba, kouvri, oswa jete bagay ki kenbe dlo, tankou kawoutchou, bokit, po, jwèt, pisin, kote pou tizwazo benyen, po flè, oswa poubèl. Gade anndan ak deyò kay ou.
- Kouvri veso ki gen dlo (bokit, sitèn, barik dlo lapli) byen sere pou marengwen pa ka antre pou ponn ze.
- Pou veso ki pa gen kouvèti yo, itilize treyi ki gen ti twou ki pi piti pase yon marengwen ki fin devlope.

2.

Si ou gen yon fòs septik, swiv etap sa yo:

- Repare kote ki fann oswa gen twou.
- Kouvri kote van ap soti oswa tiyo. Itilize treyi ki gen twou ki pi piti pase yon marengwen ki fin devlope.

3.

Pa kite marengwen antre lakay ou:

- Mete twil sou fenèt ak pòt yo.
- Repare twou nan twil yo.
- Itilize klimatizè lè li disponib.

4.

Pa kite marengwen mòde ou:

- Itilize yon pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal [Environmental Protection Agency (EPA)] epi ki gen youn nan engredyan aktif sa yo ladan. Yo evalye tout pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan EPA pou evalye si yo sennesòf ak efikas.

Engredyan aktif Lè pousantaj engredyan aktif la pi wo pwoteksyon an dire plis tan	Egzanp kèk mak komèsyal*
DEET	Off!, Cutter, Sawyer, Ultrathon
Picaridin , ki rele tou KBR 3023 , Bayrepel , ak icaridin	Cutter Advanced, Skin So Soft Bug Guard Plus, Autan (deyò Etazini)
IR3535	Skin So Soft Bug Guard Plus Expedition, SkinSmart
Lwil sitwon ekaliptis [Oil of lemon eucalyptus (OLE)] ou paramantàndyòl [para-menthane-diol (PMD)]	Repel

*Nou mete non mak komèsyal pwodwi pou pouse marengwen sa yo sèlman pou ba ou enfòmasyon. Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (The Centers for Disease Control and Prevention) ak Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Imen (U.S. Department of Health and Human Services) pa kapab rekòmande oswa pwomouvwa okenn pwodwi mak komèsyal.

- Toujou swiv enstriksyon nan etikèt pwodwi a.
- Re-mete pwodwi pou pouse marengwen chak detwa èdtan, selon pwodwi a ak degre ou chwazi a.
- Pa flite pwodwi pou pouse marengwen sou po ou anba rad.
- Si w ap itilize krèm solèy tou, mete krèm nan avan epi mete pwodwi kont marengwen an apre.
- Trete rad ak materyèl (tankou bòt, pantalon, chosèt, ak tant) ak pèmetren oswa achte rad ak materyèl ki trete ak pèmetren.
- Pwoteksyon an ap rete sou rad ou trete apre ou lave yo plizyè fwa. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
 - Si w ap trete rad yo ou menm, swiv enstriksyon yo byen.
 - Pa mete pwodwi pèmetren, ki fè pou trete rad, dirèkteman sou po ou.
- Mete chemiz manch long ak pantalon pye long.




Kenbe barik dlo lapli yo kouvri byen sere.



Chak semèn, retire dlo ki chita nan fontenn ak kote pou tizwazo benyen.



Kenbe fòs septik byen kondane.



Enstale oswa repare twil fenèt ak pòt yo.

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:
www.cdc.gov/dengue, www.cdc.gov/chikungunya, www.cdc.gov/zika